ФИФЕ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЗГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЫАНДЭРЭ КЫДОКІ

№143 (21.301) ● 2008 гъэм бадзэуэгъэм (июлым) и 24, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Шахматымкіэ цІыхубзхэм я дунейпсо чемпионатыр егъэкІуэкІыным и Іуэхуэкіэ

Къэбзэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

Шахматымкіэ дунейпсо федерацэмрэ Къэбзэрдей-Балькъэр Республикэм Шахматымкіэ и федерацэмрэ зэращІылІа зэгурыІуэныгъэм ипкъ иткІэ **унафэ сощІ**:

1. Шахматымкіэ цІыхубзхэм я дунейпсо чемпионатыр 2008 гъэм щыщкъэІым и 28-м щыщІэдзауэ фокІадэм и 18-м нэсыкІэ Налшык щалэм щегъэкІуэкІыным тегущІыкІуэ Шахматымкіэ дунейпсо федерацэм къыхилъхьар къэщтэн.

2. Шахматымкіэ цІыхубзхэм я дунейпсо чемпионатым зыхуэгъэхьэзырыпкІэ ар егъэкІуэкІыныкІэ къызэгъэпэщакІуэ комитетым хэтхэр къэщтэн, мы Указым и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

3. Мы Указым къару егъэзт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбзэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2008 гъэм бадзэуэгъэм и 19 №82-УП

Къэбзэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2008 гъэм бадзэуэгъуэм и 19-м къыдигъэкІа Указ №82-УП-мкІэ къыщыдат

Шахматымкіэ цІыхубзхэм я дунейпсо чемпионатым зыхуэгъэхьэзырыныгъэ ар егъэкІуэкІыныкІэ къызэгъэпэщакІуэ комитетым хэтхэр

Къанокъуэ А.Б. - Къэбзэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентыр *(къызэгъэпэщакІуэ комитетым и унафэщІ)*

Бечелов И.Б. - Къэбзэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ Іыр *(къызэгъэпэщакІуэ комитетым и унафэщІым и къуэдзэщ, зэгурыІуэгъуэ)*

Илюмжинов К.Н. - Къэлмыкъ Республикэм и Президентыр, Шахматымкіэ дунейпсо федерацэм и президентыр *(къызэгъэпэщакІуэ комитетым и унафэщІым и къуэдзэщ, зэгурыІуэгъуэ)*

Агеенко И.Н. - Урысей Федерацэм ШынагъэншагъэмкІэ и федеральнэ къулыкъуэм и Гъунапкъэхъуэмэ управленэу Къэбзэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуэгъуэ)*

АфІэунэ А.М.- Къэбзэрдей-Балькъэр Республикэм Физкультурэмрэ спортымкІэ и къэрал комитетым и унафэщІыр

Балгабаев Б.Т. - Шахматымкіэ дунейпсо федерацэм и президентым и дзІэпкъыхъэгъуэ *(зэгурыІуэгъуэ)*

Бицу Б.Г. - Къэбзэрдей-Балькъэр Республикэм уэзыншагъэр хъуэмэныкІэ и министр

Васильев Ю.В. - Къэрал Думэм Бюджетымрэ налогхэмкІэ и комитетым и унафэщІыр *(зэгурыІуэгъуэ)*

ДышэкІ М.Р - Къэбзэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іым и къуэдзэр, Къэбзэрдей-Балькъэр Республикэм Шахматымкіэ и федерацэм и президентыр

Жамборэ В.С. - Къэбзэрдей-Балькъэр Республикэм и лІыкІуэу Урысей Федерацэм и Президентым и дзэ зэпымыуэгъэ щыІэр

Къэзэр А.Хь. - Къэбзэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщ Іыр

Микотя В.Я. - Урысей Федерацэм Къэрал кІуэцІ ІуэхуэхэмкІэ и министерствэр лэжьакІуэхэмкІэ зэпэщ ныкІэ и департаментымкІэ и унафэщІыр *(зэгурыІуэгъуэ)*

Меркулов А.В. - Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Ипщэ федеральнэ округым щІым и аппаратым и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэр *(зэгурыІуэгъуэ)*

Мусуков А.Тл. - Къэбзэрдей-Балькъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министр

Селиванов А.В. - Шахматымкіэ дунейпсо федерацэм и вице-президентыр, Урысеим Шахматымкіэ и федерацэм и президентым и къуэдзэр *(зэгурыІуэгъуэ)*

Сердюк В.А. - Урысей Федерацэм ШынагъэншагъэмкІэ и федеральнэ къулыкъуэм и Управленэу Къэбзэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуэгъуэ)*

Сорокин В.И. - Налшык къалэ округым и администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэр *(зэгурыІуэгъуэ)*

Сунш А.А.- Къэбзэрдей-Балькъэр Республикэм транспортымкІэ, связымкІэ, гъэзыгу хозяйствэмкІэ и министр

Томчак Ю.И. - къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ министру Къэбзэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэр *(зэгурыІуэгъуэ)*

Тут З.Н. - Къэбзэрдей-Балькъэр Республикэм щэнхабзэмрэ хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ и министр

Щоджен М.М. - Къэбзэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Іуэхуэхэр зезыгъакІуэр

Ярин А.В.- Къэбзэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іыр

Къэбзэрдей-Балькъэр Республикэм иКІыу 2008 гъэм хъэжыщІ кІуэнухэм защІэзыгъэкъуэн къызэгъэпэщакІуэ комитет зэхэщэн и Іуэхуэкіэ

Къэбзэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Унафэ

2008 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м №49-РП

Къэбзэрдей-Балькъэрым щыщу муспыкІымэ щІыналъэ лъапІэхэу МэкъуэкІ Мадинэрэ хъэжыщІ кІуэнухэм защІэгъэкъуэн мурадкІэ:

1.Къэбзэрдей-Балькъэрым иКІыу 2008 гъэм хъэжыщІ кІуэнухэм защІэзыгъэкъуэн къызэгъэпэщакІуэ комитет зэхэщэн иКІи абы хэтхэр къэщтэн мы Унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. Къэбзэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщ Іыр Къэрал Къэрал-Ах. Хъэгъэуваным щІэ хабзэхэм тету къызэгъэпэщакІуэ комитетым и лэжьыгъэр зэтригъэувэну.

3. Къэрал власть и республикэ органхэм, щІыпІэ самоуправленэм и органхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, организацэхэм чэнджэщ етын хьэжыщІ кІуэнухэм зыщІагъэкъуэну.

4. Мы Унафэм къару егъэзт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбзэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Къэбзэрдей-Балькъэр Республикэм 2008 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м къыдигъэкІа Унафэ №49 РП-мкІэ къыщыдат

Къэбзэрдей-Балькъэр Республикэм иКІыу 2008 гъэм хъэжыщІ кІуэнухэм защІэгъэкъуэнымкІэ къызэгъэпэщакІуэ комитетым хэтхэр

Къэжэр А.Хь. - Къэбзэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и Унафэщ Іыр *(къызэгъэпэщакІуэ комитетым и унафэщІым)*

Гергоков Д.Б. - Къэбзэрдей-Балькъэр Республикэм ЩІалэгъуалэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ я Іуэхуэхмкіэ и къэрал комитетым и унафэщІ и къуэдзэр *(къызэгъэпэщакІуэ комитетым жэуап зыхь и секретарщ)*

Гилиев Б.И. - Къэбзэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым Законодательствэмкіэ, хэрал хуэныгъэмкІэ, щІыпІэ самоуправленэм и Іуэхуэхмкіэ и комитетым и унафэщІым и къуэдзэр *(зэгурыІуэгъуэ)*

Къуэшмырокъуэ З.Къ. - Къэбзэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентымрэ Правительствэмрэ я лІыкІуэу Къэбзэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентымрэ суд органхэмрэ щыІэр

Къудей А.М.- Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ министерствэу Къэбзэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэм Гъэзэжьым щыгъэгъэзэнэуэ щыІэкІэуэныкІэ и къэрал инспекцэм и Управленэм и унафэщІыр *(зэгурыІуэгъуэ)*

Пащты Б.С. - Къэбзэрдей-Балькъэр Республикэм ЩІалэгъуалэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ я Іуэхуэхмкіэ и къэрал комитетым и унафэщІыр

ПщыхьэщІэ М.М. - Къэбзэрдей-Балькъэр Республикэм и Мусльымэхэм я Іуэхуэщ Іапіэм и унафэщІыр *(зэгурыІуэгъуэ)*

Сокъур О. Хь. - Іэпхъэшэпхъуэхэм я Іуэхуэхмкіэ федеральнэ къулыкъуэм и Управленэу Къэбзэрдей-Балькъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуэгъуэ)*

Сунш А. А. - Къэбзэрдей-Балькъэр Республикэм транспортымкІэ, связымкІэ, гъэзыгу хозяйствэмкІэ и министр

Тут З.Н. - Къэбзэрдей-Балькъэр Республикэм щэнхабзэмрэ хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ и министр

Гу зылъытапхъэ

«Іуащхьэмахуэм» и къэфакІуэхэм фрагъэблагъэ

«Іуащхьэмахуэ» адыгэ Іуэрыл Іуатэ-этнографие къэфакІуэ гупым (Израиль, Рихьэние къуажэ) и концерт бадзэуэгъуэм и 25-м сихьэт 19-м Налшык дэт Къэрал киноконцерт зыльэгъуапІэм щекІуэкІынуц. Ар къызэрагъэпэщащ КъБР-м ЩІалэгъуалэ Іуэхуэхмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмкІэ и къэрал комитетымрэ Къэбзэрдей Адыгэ Хасэмрэ.

Хэхэс адыгэхэм я щІэблэм я щэнхабзэ зэфІэкІхэмрэ къэфэкІэмрэ зэзыгъэльагъуну хуей псори уасэ зыщІэзмыкІыну концертым фрагъэблагъэ.

КУЛЬТУРНЫЙ ЦЕНТР ЛЕНИНСКИЙ

Зыри еІуэ хъунукъым

Италием и премьер-министр Берлусконим Сильвио зыри еІуэ хъунукъым.

Абы и жэрдэмкІэ къащта хабзэм и фІыгъэкІэ правительствэм и унафэщІым дзпэкІэ Іэмал игъуэтынущ и къару псори лжьыгъэм ирихьэлІэну. Иджыри къэс Берлускони суд Іуэху куэдым хэтащ, и шыхьум и хэкІыпІэм щІэпхьаджагъэ епхауэ жаІэу зегъэкъуэншэу, ауэ псори кІыхьэхуащ.

(ИТАР-ТАССС).

Мы махуэхэм

Бадзэуэгъуэм и 24-м, *махуэку*

◆Илъэс 85-рэ и пэкІэ (1929) Лозаннэ щекІуэкІа конференцыем зы лъэныкъуэкІэ Иджыблым, Франджым, Италием, Японием, Грециемрэ, Румынием, Югославием, нэгъуэщІ лъэныкъуэкІэ Тыркум мамырыгъэ зэгурыІуэныгъэ щызэращІылІащ. Абы ипкъ иткІэ ягъэуващ Тыркум Европэмрэ Азиэ ЦыкІумрэ щІэ иджыдрей гъэнапкъхэр.

◆Илъэс 50 и пэкІэ (1958) кІыгъэрагъэпэщащ Совет-Австриэ зэныбжьыкъэгъуэм и зэгухьэныгъэр (1992 гъэм кІыщыщІэдзауэ - Зэныбжьыкъэгъуэм и Урысей-Австриэ зэгухьэныгъэщ).

◆Бадзэуэгъуэм и 24 - 27-хэм Алтай краим щекІуэкІынущ XXXII Урысейпсо Шукшин махуэхэр. Мы гъэм ахэр ирырагъэхьэлІащ «ФедоритІ» фильмыр гъэлъэгъуэн зэрыщІадзэрэ илъэс 50, ащхущхуэ тхаІуэм и «Гум иц цыхуитІ» яп рассказыр зэрыгредзэрэ илъэс 50 зэрырикъуэм.

◆Илъэс 205-рэ и пэкІэ кІалъхуащ франджы композитор, «Жизель», «Корсар», «Пираты балетэхэр, спектакльхэр тхаІуэ **Адан Адольф** (1803 - 1856).

◆Илъэси 180-рэ и пэкІэ кІалъхуащ урыс революционер-демократ, еджагъэшхуэ, тхакІуэ, литературэ критик **Чернышевский Николай** (1828 - 1889).

◆ **Дыгъэр къыщІэкІащ сыхьэти 5-рэ дакьикъ 46-м, къуэкъжьыщ сыхьэт 20-рэ дакьикъ 41-м.**

◆ **Махуэм и кІыхьагъэ сыхьэт 14-рэ дакьикъ 55-рэ.**

Бадзэуэгъуэм и 25-м, *мэрем*

◆ Тунисыр республикэ щыхьуа махуэщ (1957).

◆ Илъэс 65-рэ и пэкІэ (1943) Италием фашист хабзэр щыхьуа махуэщ.

◆ Илъэс 90 и пэкІэ (1918) СНК-м декрет кІыщтащ къэрал статистикэм и Іуэхуэкіэ.

◆ Актер, усакІуэ, уэрэдус, уэрэджьІакІуэ **Высоцкий Владимир** (1938 - 1980) кІыщалъхуа махуэщ.

◆ **Дыгъэр къыщІэкІынущ сыхьэти 5-рэ дакьикъ 48-м, къуэкъжьыщ сыхьэт 20-рэ дакьикъ 40-м.**

◆ **Махуэм и кІыхьагъэ сыхьэт 14-рэ дакьикъ 42-рэ.**

ПлІанэзэр щыгъэхъэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

Лъэпкъ Іуэцыгъэ:

Къаруушхуэ нэхърэ - акъыльышхуэ.

Компьютерхэмрэ технологие Іэмпхъыгъэхьэмрэ я Іуэмахуэр лъэнкъ щэнхабзэм зегъэужьыныр хуэунэтІауэ нэхъыбэрэ къащтэзэбэн зэрыхьэхуар узыщыгуфІыкІыныц. Ар хуэдэ дэжьыгъэфІхэм я бжыгъэм къыхэуващ Сэралъ Альберт и «Sagrlp Gaiiert» (Санкт-Петербург) компаниемкІ къыдигъэкІауэ махуэ зыбжанэ и пэкІэ дунейм къытетхьа аудио проект гъэщІэгъуэныр.

АдыГэ лъэпкъым и пасэрей Іуэрыльатэм и фІыпІэхэр зыхьуна «Нартхэм» къытещІыкІауэ аудиоспектаклыр гъэувынри егъэтхьакІэрэ дэмышІа радиожурналист **Теувэжьыкъуэ Марианнэ** зэрыжиІэмкІэ, Іуэхум мазэ зыбжанэ хьрауэ иолъэкъ. «Нартхэр. Къэбзэрдей эпос»-м и къыдэкІыгъэхэуэ 1951 гъэм (адыгэбзэкІэ), 1957 гъэм (урысыбзэкІэ) дунейм къытехьаэр ІыабжьэІ зыхуэхьа лэжьыгъэр зэфІэгъэкІынымрэ я гуащІэ хэпщІ республикэм фІыуэ ялыщащІыху артистхэм, радиолэжьакІуэхэм, композиторхэм, сурэтыщІхэм. Нарт хъыбархэр псыеІэ къэІуэтэжьыкІэ къуедейуэ утыку ихьаныкъуэ, Иджыпсту «Ленинцы» СХПК-м гуэдзыр щыІуахыж, зы гектаркІэ центнер 35-рэ я къытрахыу. Махуэ зыбжанэ нэхъ дэмыкІыу зэфІагъэкІыну я мурадщ хьэщэпэщэр Іуахыжыныр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Белград щыІэрызохьэ

Вэсэмахуэрэ дыгъуэсэрэ я жэщым Белград щыІэрызрэзохьащ полицэмрэ хуит ямыщІу зэхуэса хуэкІуэ хэтахэмрэ. Нужьрейхэр ирызгъбжащ боснисербхэм я пащІэ Караджич Радован зэрагъэтІысам. Абы-хэм ар лъэпкъ лІыхьужьу кьалытэ.

Фигу къэдгъэкІыжьыщи, Караджич илъэс 13-кІэ дунейм псом кьыщалъхьауащ, судым ирагъэнащІэ. Ар ягъэкъуаншэ 1995 гъэм Боснием щыщ муслымэнхэу мини 7-м щІигъу езым и унафэкІэ зэрызэтраукІамкІэ, нэгъуэщІ щІэпхьаджагъэхэр зэриІэжьамкІэ.

Караджич яубыдынымкІэ кьадгъэпыкъым доллар мелуани 5 иритыну зэрыхьэзыщу жиІат Вашингтон. Ауэ езым зигъэпщкІуауэ фэ теткъым. Ар Белград дохутыру щылэжьащ нэгъуэщІ унэцІэ зэриІэхьу.

Толькъун шынагъуэхэр

Мексикэмрэ США-мрэ я Іуфэхэм хуокІуэ толькъун шынагъуэхэр.

Жьым зы сыхьэтым километр 80 и псынщІагъщ. Властхэм хы Іуфэм Іус цІыхухэр ягъэІэпхъуащ.

Хьэцэпэцэр Іуахыж

Май куейм хьэр щы-Іуахыжащ. Районым и мэкъумэщ хозяйствэхэм хьэм гектар 1585-рэ хухахати, тонн 4927-рэ кьытрахащ.

НЭХЪ ГЪАВЭ бэв (зы гектарым хуэзэу центнер 33-рэ) кьытрихащ «Ленинцы» мэкъумэщ предприятэм. Мыбыкэм куэдкІэ кьакІэрыхурыкъым «Красная нива» СХПК-р (центнер 26,6-рэ), «Александровская» агрофирмэр (центнер 25-рэ), «Майское» мэкъумэщ предприятэр (центнер 22-рэ). Ику иту районым зы гектарым хуэзэу центнер 35-рэ кьыщрахьэжащ. Ар гъэ кІуам кьытрахам нэхъри фІыуэ зэрыщІэкІ. Иджыпсту «Ленинцы» СХПК-м гуэдзыр щыІуахыж, зы гектарым центнер 35-рэ кьытрахыу. Махуэ зыбжанэ нэхъ дэмыкІыу зэфІагъэкІыну я мурадщ хьэцэпэцэр Іуахыжынырэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Къыхаха 12-м дыхеубыдэ

Цицин Константинрэ Къанокъуэ Арсенрэ.

Къэбзэрдей-Балькъэрымрэ «ПсэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм щрагъэкІуэкІ реформэхэр дзыІыныкІэ фонд» Къэрал корпорацэмрэ дыгъуасэ зэращІылІащ фэтэр куэд хьэ уэхэр къызыхэтхыжыну зэгъэпэщыжыным, жьы хьэхэм щІэсхэр гъэпсыхьэным хуэзэну мылькур республикэм къызэрыхэатІыпщыну щыкІэм теухуа зэгурыІуэныгъэ.

АБЫ РЕСПУБЛИКЭМ и Правительствэм и Унэм Іэ щыщІадзащ КЪР-м и Президент **Къанокъуэ Арсенрэ** Фондым и унафэщІ **Цицин Константинрэ.** «ДО нобэ Іуэхуфікіэ дызэхуэзащ. ФІыщІэкъуэощІ ди мурадхэр кьыдгъэзыІыгъуэ кьытухуэкІуа хьэщІэхэм. Иджыпсту лъэныкъуитІми Іэ эщІэддзыну зэгурыІуэныгъэм ди дежкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ. Абы нэхъри игъэдахэнущ Налшыкрэ адрей кьалэхэмрэ я гепІэкъ, щІыхьэхэм я псупІэхэр иригъэфІэкІыжнущ. Мыр кьарапсо программэщ. ПсэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и Іэнатіэм щрагъэжьІуэкІ реформэр дЫгъыныкІэ фонд фонымкІэ зригъэужьыщынальэхэм ди республикэр ауэ сытми хагъэхьакъым. Абы папщІэ ди Іэщ Іатъэлі Іхэм лэжьыгъэшхуэ ирагъэкІуэкІащ, тхулъэкІыныгъэхэр (реформэхэр) дЫгъыныкІэ дыдэкІыгъэ зэхъуэкІыныгъэхэр (реформэхэр) дЫгъыныкІэ фондым кьыбгъэдэкІыу ми гъэм ди республикэм Іуэхуэныщ сом мелуан 285,5-рэ. Псори зэхэту ильэси 4-м кІрыубыдэу сом зы мелардрэ пщІанитІрэ кьыІэрыхьэныщ.

Мы Іуэху щхьІэмэ хэтащ КЪР-м и Правительствэм и Унафэщ **Ярин Андрей,** абы и кІуэдзэхэу **Тхъэпсилтыкъ Мурат, Дышэкі Мадинэ, Чеченов Ануар,** министрхэр, къэрал комитетхэм я Іэтащхьэхэр, индустриальнэ къулыкъущІэхэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

ЗэгурыІуэныгъэм Іэ щІадз.
Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Израильм къикІауэ мы махуэхэм КъБР-м щыхьащІэ ди лъэпкъэгъуэхэр Къэбзэрдей Адыгэ Хасэм и хэщІапІэм къыригъэблагъащ абы и тхьэмадэ Хьэфыщ Іу Мухьэмэд.

Тхьэмадэм хэзыІыхьэм яхуиІуэтащ КъАХ-м и лэжьыгъэр зэрекІуэкІыр, илъэс 24-рэ хьуауэ адыгэхэм папщІэ Іуэхуфі куэд Хасэм зэрызэфІэгъэкІыр.

- ИЗРАИЛЫМ кьыщыхьэгъэпащІуэ щыІэ Адыгэ Хасэхэм зыкъомкІэ кьащхьэщокІ дыдейр, - жиІащ Хьэфыщ Іым.

- Сэ сызэрыщыгъуэзэмкІэ, фи Хасэм кьуажэ инафэ ящІу аращ. Сириемрэ, Иорданиемрэ, Америкэм щыІэхэр Адыгэ Фыщ Іэ Хасэщ. Къэбзэрдей Адыгэ Хасэм жылагъуэ Іуэху зэрехуэ; лъэпкъ Іуэхуэр пкъыгъэкІыным, бзэр, хабзэр, щэнхабзэр хуэмэным ехьэлІауэ. Абы хуэунэтІа лэжьыгъэхэм ящыщІу ильэсыкІэ 10-м нэблагъуэу едгъэкІуэкІ «Си бзэ - си псэ, си дунейе» республикэпсо зэпеуэр. КьызэгъэщІапхъэщ абы щапхъэ трахыу адыгэ щыпсэу хэгъуэгурыІуэхэм кьызэрыщІадзэтар. Дыхуэйт Израильм щыІэ адыгэ кІуэжьхээми апхуэдэ зэпеуэ кьыщыублэну.

КъЖ-м и хэсащхьэм щыху 15 хэтщ. Мыбы кьепхащ нэхъыжьхэм я Хасэр щІалэгъуалэм ейри. Нобэ фыкьызыдедгъэблэгъа Хасэ хэщІапІэм кьоІкІуалІэ гукъуеуэ зиІэ ди лъэпкъэгъуэхэр. Я Іуэхум щыгъуаэз дащІа нэужь, ар зэфІэхуа зэрыхьэныр щыхьэт лъыхьуэу кьулыкъущІхэм зэхудоГъаэзэри, тхуэзэфІагъэкІ.

ХьэщІэхэр яфІэгъэщІэгъуэну зыщІэупщІахэм жэуап ирита нэужь, Хьэфыщ Іым Мухьэмэд Галилее Ищхьэрэм и тхьэмадэ Шломо Левирэ (журт щІалэщ) Рихьэние жьлэм и Іэтащхьэ Тырку Джихьэтрэ тыгъэ зэрыщІэкІ «Кабардино-Балкария: в России, с Россией, к России» тхылъымрэ адыгэ бэракьымрэ. Апхуэдэуи ныбжьыщІэхэр щыгъуфІыкІащ я зырызу адыгэ бэракьым и тепІэр зытет бгъэхьэлурэ Хьэфыщ Іым Мухьэмэд и «ХамэщІым ваГъуэхэр щоужьы» тхылъымрэ зэрэритам.

Адэжь Хьэфыщ Іым ди лъэпкъэгъуэхэр иригъэблэгъащ «Адыгэ псалъэ» газетым и хьэщІэщым, Кьардэнгъущ Зырамыку и щІэр зезыхьэм. Абдеж журналистхэм я упщІэхэм жэуап кьратащ ныкъщІэхэм.

- «Іуащхьэмахуэ» ансамблым хэт ныбжьыщІэ псори адыгэбзэкІэ зэрыпсальэр дымыгъэщІэгъуэн тлъэкІакьым. Сыту жыпІэмэ, нэгъуэщІ къэралхэм щыпсэу хэхэс адыгэхэм я щІэблэм бзэр яІэщІэху зэрыхьэуар иужьрей зэманым хэкужьым кьакІуэхэм яІэщІэдолъагъу. Дауэ хьума щыхьурэ Израильм адыгэхэм я хабзэр, бзэр?

Тырку Сэмир: «Рихьэние дэс адыгэ інагъуэхэм щызэкІуэр адыгэбзэщ, балигъхэр зэрыхьэпсальэри, я бынхэм зэрагурыІуэри анэдэлъхубзэрщ. Ильэситху ныбжьым нэсыху сабийр унэм щыбогъасэри, бзэр ебгъэщІэну гугъуныкьым. Школым кІуа нэужь, бзиплІ щедж: адыгэбзэр, хьэрыпыбзэр, индыжьлызыбзэр, иритыр».

Гъыш Мамдух: «Адыгэ зэрыс зы хамэ кьэрали дунейм теткъым и анэдэлъхубзэр школым щиджьну хуит ящІуэ, Израильм фІэмІа. Дэ дрогушхуэ абы икІи арагъэнащІ адрейхэм нэхърэ нэхьыфІу ди сабийхэм анэдэлъхубзэр щІэлъэрыльуэр».

- Апхуэдэ хуитыныгъэ кьызэрыватэм кьигъэльагъуэу кьыщІэкІынщ Израильм адыгэм пщІэ кьызэрыщІэхуащІыр. Дауэ фыкьызэдекІуэкІрэ фызыхэс лъэпкъэжьым фэрэ?

- Дэгъуэу дыдэзэгурыІуэ, гулъытэ и кьыгъуащІ, пщІэ диІэщ. Рихьэниер кьыщыыгнэхуам, унагъуэ 66-рэ итІысыхащ. Абы и Іыхьэ щанэращ кьызэтенар, дэ абыхэм дащыщІ, адрей 40-р щІэблэ ямыІэу кІуэдыжащ. Ахэр диІэжамэ, нобэ зы минтэкьым дызэрыхьунур, атІэ мини 3-м нэблагъэу дышытынут Рихьэние дэсхэр. 1864 гъэм щыІа зауаем хэхэс ищІа адыгэхэр зэрыпрыхэм ядэпсэун хуей щыхьэт, я щІыхьэ щыкІэкІи, гупсысэкІэкІи, Іэбэкі экІи зыкІи зэтемыхуэ пэтми, зэгурыІуэу щытащ. ИтІанэ 1948 гъэм журтхэм кьэрал щаухуащ Палестинэм. ТІум щыгъуэми щІэныгъэ зытета зыужьыкьахуэнэжар, я псэукІэр нэгъуэщІми, хамэ лъэпкъхэм ягурыІуэу кьекІуэкІащ. Иджыпсту журтхэр фІы дыдэу кьытхущытщ, хьарзынэу дыздэпсэу. Ди гугъуехьэхэри кьыздагъэпсэнщІэу, ди гуфІэгъуэхэри кьыздаІэту апхуэдэщ. Ныбжьыгъэ куэд диІэщ журтхэм ящыщу, Галилее Ищхьэрэм и тхьэмадэ журт щІалэр ди гъусэу кьызэрыІуэтэжащ. Ар ныбжьыгъэ щыщкІэ ныбжьыщІэхэм абыхэм кьыхтуаІэ щытыкІэр.

Кфар-Камэрэ Рихьэниерэ зыхухбдэу ящІэхэм и тхьэмадэ **Леви Шломо** а Іуэхум зэрыщІэтыр тщІэмэ тфІэфІу зыщІыхуэдгъаэзэм, мыпхуэдэу кьыджиІащ:

- Адыгэм и дуней тетыкІэр, и цІыкІугъэр, зэрихьэ хабзэр пльагъуу пщІэ хуумыщІен пльэныкъуэкъым. Абыхэм журтхэм я дзыль ирагъэІэу, яльытэу зэрыщытыр къеГъэльагъуэ адыгэ куэд дзэм зэрыхэтым, хабзэхьэрэ Іэнатіэхэм зэрыпрытым, къэрал кьулыкъу зэрафІагъэм. Абыхэм яхэтщ генерал хьуаэрэи.

Хьэфыщ Іым Мухьэмэд фыщІэ хуиІащ Леви Шломо, кьэушу кьильытэу, зи адэжь щІыналъэм фІэу гупым Іыусэ закьыІэзэрыхуищІам щхьэкІэ.

Гъышэ, Хьынэ, Тыркуэ, Убыххэ, Шхьэтъумхэ, Хьэджьэ, Пщыбийрэ яІащІу хьэщІэщым кьеблэгъахэм фІыщІэ псальэкІэ зыхьагъэзащ Кьэбзэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ Хьэфыщ Іым Мухьэмэд кьызэрыригъэблэгъам папщІэ, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Іым и гуапэ зэрыхьуар, адыгэ псори зы хэкужь ису яльагъуну зэрахьуэспаІэр кьыхахэщащ.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

«Адыгэ псалъэ» газетым и хьэщІэщым кьрихьэлІащ Галилее Ищхьэрэм и тхьэмадэ Леви Шломорэ (ижьыкмкІэ щыщ) Рихьэние кьуажэм и Іэтащхьэ Тырку Джихьэтрэ.
Сурэтыр **КЪАРЕН** *Элинэ трихащ.*

Израильм щыщ адыгэхэр Къэбзэрдей Адыгэ Хасэм щохьэщІэ

Лъэпкъ Іуэху

«Нартхэм» даІуощІэ

ЩІэ

АдыГэ лъэпкъым и пасэрей Іуэрыльатэм и фІыпІэхэр зыхьуна «Нартхэм» кьытещІыкІауэ аудиоспектаклыр гъэувынри егъэтхьакІэрэ дэмышІа радиожурналист **Теувэжьыкъуэ Марианнэ** зэрыжиІэмкІэ, Іуэхум мазэ зыбжанэ хьрауэ иолъэкъ. «Нартхэр. Къэбзэрдей эпос»-м и къыдэкІыгъэхэуэ 1951 гъэм (адыгэбзэкІэ), 1957 гъэм (урысыбзэкІэ) дунейм къытехьаэр ІыабжьэІ зыхуэхьа лэжьыгъэр зэфІэгъэкІынымрэ я гуащІэ хэпщІ республикэм фІыуэ ялыщащІыху артистхэм, радиолэжьакІуэхэм, композиторхэм, сурэтыщІхэм. Нарт хъыбархэр псыеІэ къэІуэтэжьыкІэ къуедейуэ утыку ихьаныкъуэ, Иджыпсту «Ленинцы» СХПК-м гуэдзыр щыІуахыж, зы гектаркІэ центнер 35-рэ я къытрахыу. Махуэ зыбжанэ нэхъ дэмыкІыу зэфІагъэкІыну я мурадщ хьэщэпэщэр Іуахыжынырэ.

Аудиоспектаклыр щыкІэу «Нартхэр» къызэрыдгъэкІар лъэпкъ щэнхабзэм хуащІа хэпльэныгъэ кьудейм, ар лъэныкъуэ кьудейкІэ щхьэпэщ: фильму зэрыщымытым кьыхэхьІыу, абы едгъэІуну хуей дэтхэнэми зэман леи игъэкІуэдзнукьым, атІэ тыгъуэгурыкІуэу, машинэм ису Іуэху зэфІэныгъэ балигъэми, тхьэкІэмэрэлъэр плееррэ зкІэрыщІауэ есэжьа ныбжьыщІэхэми, гъэсапІэ-еджапІэхэм щаІыгъ сабийхэми, кьалэн куэдым «къамыутІыщІ» уигъэщащэми къахуэщхьэпэнущ.

ПЫБЭЖЬ Таисэ.

P.S. КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и фондым и унэм бадзэуэгъэм и 24-м сихьэт 14-м щекІуэкІынущ «Нартхэр» аудиоспектаклыр къызэрыдгъэкІам иращІэкІ зэхьихь.

Іэнатіэ цІыкІухэм къахохъуэ

Тэрч куей

Тэрч куей администрацэм и зэфІэкІ псори ирехьэлІэ куейм и экономикэ щытыкІэр егъэфІэкІуэныкІэ иджыпсту мыхьэнэ ин зиІэ ику ит бизнесымрэ бизнес цІыкІумрэ лъэ бидэкІэ гъэзыныным.

МЫ ЗЭМАНЫМ районым хьэрычэт щІалІэ мыину 400-м нэблагъэ итщ. Абыхэм лэжьыгъэ щагъэтащ цІыку 2000-м нэсым. ХьэрычэтыщІэхэм езыхэм я кьаркІэ кьамыгъэсабэпэк псоуальэхьэу 34-р зыхуей хуагъэзащ. Абыхэм яхэтщ чырбыш заводри сату щІалІэ цІенгрэ. Бизнес мыиныр зэфІэкІыхэ пэтми, район унафэщІхэр имыгъэпІейтейуэ кьанэрхьэм хьэрычэтыщІэ куэдыр зэлэжь Іуэхугъуэхэр зэтехуэу икІи ебзыхьэкІауэ зэрыщытым. Кьапщтэмэ, Іэнатіэхэм я процент 80-р сатумрэ транспортымрэ пыщІащ. Уней Іуэхущ Іапіэхэм яхэтщ зы ильэсым хуэзэу сом мелуани 5 - 6 и цуэхэ кьыщІэзыгъэкІыфхэр. Абыхэм ящыщу, пепплоблок

Экономикэ | Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ Іуэху

Іуащхьэмахуэ зэкІыну зи мурадхэм дяпэкІэ ахъщэ зэтыш хуитыу хуабэ ящынкІи хъунущ.

Іуащхьэмахуэ турист кІуапІэщ. Европэм и льагапІэ нэхъыщхьэм и щІыпІэм ильэс кьэс я нэгу зыщрагъэужь щыху мниниищІым щІигъум. А псоми хабзэкІэ дагъуэншэу ягъэзащІу, хьэлщэн дахэ яхэлъу пхужьыІэнукъым. Туристхэм ящыщ кудэдым адэ-мыдэкІэ щыхьфІадзэ зтутыкІэкІэ, хьэпшыпІ зэмыліэужьыгъуэхэр.

Бгы щыгУм дэкІхэм яхэтщ гьэсырыкІыуэхэрэ, шым е шыдым тесхэрэ, велосипедыр зи щІэкІэхэрэ, мотоциклыр «зыгъатхъуэхэрэ». Іуащхьэмахуэ льапІэ» зи фІэщыгъэ лъэпкъ парким и унафэщІхэм зэрыжаІэмкІэ, мы щыпІэм щызоуэ автомобиль куэд дыдэ. Зыхуэдэ щымыІэ щІыналъэ телъыджэр кІуэ пэтми пхъэнкІий идзыпІэм ещхь мэхьу.

А псори кьалтыитэри, щыпІэ унафэщІхэм къагъэуващ Іуащхьэмахуэ льапэ щІыхуу щызекІуэкъэм я бжыгъэр хуэдпищкІэ гъэмщІэн, бгым и щыгум зызыІэтыну зи мурад дэтхэнэми ахъшэу доллар 300 (е нэхъыбэ) кьеІыхьи хуейуэ.

Дунейм и еблан чемпионкэ Се Цзюнь

Джэгукіэ тельыджэм хуэІэзэ дыдэу зыкьигъэлъэгъуащ дунейм и еблан чемпионкэ Се Цзюнь. Щэч гуэри кьыгомыкъуэ щыпІэ хъунущ абы. Китайм и цІыхубз шахматыр льагъэ дыдэу кІэтащ. Абы и пэкІэ КНР-м и бзылъхугъэхэм мы Іэнатіэм зэфІэкІыщхъуэ гуэрри кьыщагъэльэгъуащ.

1970 гъэм Пекин кьыщалъхуащ. Се Цзюнь и ныбжьыр илъэси 6 фІэкІа мыхьэуэу утыку кьихьащ. Илъэси 10 щрикъуэм ар цІыху мелардым зыкьомкІэ щІигъу зыщыпсэу Китаим и хъыджэбз цІыкІуэхэм я деж чемпионкэ щыхъуэт. Нужьыкіэ эзпеуэ зэмыліэужьыгъуэ дыдэхэм хэтащ, ауэ ящхъуэ льагаІэ хуэкІуэу Англиеранди Нанэ Іэщэту 8,5:2,5-рэ. Абдеж куржы шахматисткэхэм щаухащ дунейпсо тепщэныгъэр. Езыхэм я кьэралыр зэрелъхуэхар, апхуэдэу Китайри яхэту нэгъуэщІ кьэралхэм я деж спортым хуабжьу зэрызыщІужьыр арагъэнщ ар нэхъыбэу кьызыхэлар. Сыт хуэдэу щымыІами, Се Цзюнь кьигъэльэгъуащ джэгукІэм и льэныкъуэ псомкІи абыхэм зэрефІэкІыр. Ауэ 1996 гъэм тетыгъуэр фІэкІуэдащ, Полгар Жужэ зыстригъакІуэри - 4,5:8,5. Илъэсиц дэкІри, 1999 гъэм Полгар чемпионыщІар трахащ. Дунейпсо шахмат зэгухьэныгъэм (ФИДЕ) и унафэкІэ. Апхуэдэу щыхъуэм Галлямовэ Алисэ кьыфІихьэхурри (8,5:6,5), аргуэру дунейпсо бжьыпэр иубыдыжащ.

2000 гъэм ФИДЕ-м зэрихъэжащ дунейпсо цІыхубз шахмат зэпеуэр зэрыгагъэкІуэкІ щыкІэр: «хэнэрхокІ» хабзэм хуигакІуэри, икІи а ильэс дыдэм Се Цзюнь кІэуэ зэІуцІэр езыим и льаэхэгъу Цинь Каньин кьыфІихьэхущ бжьыгъэр 2,5:1,5-уэ.

МАХЪШОКЪУЭ Мухьэмэд.

● Іуэхур и пІэм йоуджыхь

Присяжнэ судыщІэхэр зэблагъэ защІэ?

Къэбэрдей-Балькъэрым и къалащхьэм щащІэн хуейт 2005 гъэм и эмпуэгъуэ мазэм Налшык зыкьыщызыІэта, властыр зыубыдыну хуищІэкьуа ныбжьыщІэхэм я куэд. Іуэхум хэпІэнуц «присяжнэ» жьыхуаІэ судыщІэу 12 (абыхэм ядэІэпыкъунхьэзыр 25), прокурору 9, уэчыпу 37. Ауэ мазищ хъуащи судыр ящІэным щІадзакъым.

Фигу къэдгъэкІыжынщ 2005 гъэм къэхъуа щІэнхъаджагъэр. Жэпуэгъэм и 13-м Налшык къыдэхутат Іэщэкіэ зэщІэуэзда нибжьыщІэу 250-рэ. Аxэр зэуэ обгъэрыкІуат щилицэм, ФСБ-м, дзэ частхэм, Іэщэ щахьэмэ щыпІэхэм. Нэхъ ныжьыІуэкІэ белджьыкъ къащІащ а гупым я пашэр террорист цІэрыІуэр Басаев Шамилъ зэрыщыгъар, ар Налшык пэгъунэгъуэ щыІэ мэзым зэрыщІэсар. ЗыкъэзыІэтахэм я гугъащ, хабзэхъумэхэр зэтрагъкІуэ, зыгъэпсэхупІэхэр, банккэр, телецентрыр, нэгъуэщІ унэхэри яубыдыну, итІанэ Кавказ Ищхъэрэ псом унафэ щызыщІ халифат къызэрагъэпэщыну. Аущ а мурадыр зрагъэхъулІэфакъым, хабзэхъумэхэр зэхэуэ гуащІэм хуэхьэзыру къыщІэкІри. МахуитІым кьэрыубыдэу щІэпхъаджащІэхэм ящыщу 95 яуклат, 70 гъэр ящІат. Къалэм и хъумакІуэхэмэ зыщІынигъэ яІащ: щыІэу 35-рэ милицэм и лэжьакІуэхэр, 12 къалэдэсхэм ящыщу хэкІуэдат.

А къэхъугъэ мыщхьэпэр зи Іуэныхъэм, гъэр кьащІауэ щытахэм я судыр щащІэн хуей зэманыр кьэсащи, кьытратыхьэну тезырым попльэ щІыху 58-рэ, дэтхэнэ зыри УФ-м и Уголовнэ кодексым и статья зыбжанэкІэ ягъэхъуанщэу. ЦІыху 13-р хуит ящІыкащ, зыр (Болэ Валерий) сымаджэхъури, дунейм ехыжащ. Мы сэу ялытэхэм я нэхъыбапІэм (щІыху 38-м) кьыхахащ присяжнэхэр зыхэт судыр (хабзэм кьызэрыгъэувымкІэ, ягъэхъуанщэхэр зыхэтыр ящІэу яхэугъэщІапхъэщ).

- Сэ щІыхуипІ кьызэгъэбыдылІащи, согуэавэ си кьалэнхэр дахэ-дахэу схуэмыгъэзэщІэнкІэ, - жеІэ уэчыл Псомиади Татьянэ. - Нэхъ къэсщтэнут Іуэхум присяжнэхэр хэмытамэ. Сыт щхьэкІэ? УК-м и статьяр зыкъомкІэ ягъэзыр хъуакъым, щыхъунри зэкІэ зэІубзкъым.

Апхуэдэ щыгъуэм Іуэхур кьызэрилъэхъэнур ди газетым кьыщІИуэтауэ щыгъащ (епІэ «Известия»-м, 2006 гъэм, мэлыжьыхьым и 28-м кьыдэкІам) УФ-м и генпрокурорым и кьуэдзэу щыта Шепель Николай. Абы жиІэгат: «Къэбэрдей-Балькъэрым исхэм я проект 80-м хуэдизыр благъагъэкІэ зэпыщІащ. Абы кьыхэкІыну присяжнэхэм я колдегие тэмэм кьызэгъэпэщыныр мы щІыпІэм икъуэкІ гугъу щыхъунущ».

Хэкіыпіэ гуэрхэр кьалтыхъуэ зучылхэми. КІыхьлІыхь дыдэ хъуну мы Іуэхум ахэр щІэныгъэ зэзэгъыным и щхьэ щІыпІэ щІэныгъэ зыкъом ягъуэтынущ. Зэчылхэм кьагъэув Іуэхум нэгъуэщІ щІыпІэ щыхэпІэн хуейуэ. Ауэдэнэ щІыпІэ кьыхэхъупхъэр?

- Ставрополь крайм судыр щащІэмэ, присяжнэхэм я згъэкъуэншэнущ сыкъызыщІхъэщІыжьын хуей щІалэхэр - жеІэ зи унэцІэр сыбзыщІмэ нэхъ кьэзыщта зэчылым. - Плугышым судыр щащІэмэ, ахэр хей ящІынущ.

- Терроризмэм пыщІа Іуэхуэхэм хэпІэныр и кьалэныгъ Кавказ Ищхъэрэм кьыщызэгъэпэщыпхъэт присяжнэхэм я колдегие щхьэхуэ, щІыпІэ зэмыліэужьыгъуэхэм я кьалэныгъэ щІыпІэ щІыпІэ щІыпІэ щІыпІэ кьыхэхъупхъэр?

- Ставрополь крайм судыр щащІэмэ, присяжнэхэм я згъэкъуэншэнущ сыкъызыщІхъэщІыжьын хуей щІалэхэр - жеІэ зи унэцІэр сыбзыщІмэ нэхъ кьэзыщта зэчылым. - Плугышым судыр щащІэмэ, ахэр хей ящІынущ.

- Терроризмэм пыщІа Іуэхуэхэм хэпІэныр и кьалэныгъ Кавказ Ищхъэрэм кьыщызэгъэпэщыпхъэт присяжнэхэм я колдегие щхьэхуэ, щІыпІэ зэмыліэужьыгъуэхэм я ліыкІуэ